



Pou Piblikasyon Imedya: 10/7/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1366 TECHNOLOGIES AP KONSTWI ETABLISMAN MANIFAKTI AVANSE NAN KONTE GENESEE

Manifakti Teknoloji Solè vini premye lokatè prensipal nan STAMP Business Park e lap kreye plis pase 1,000 Nouvo djòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 1366 Technologies, yon manifakti teknoloji pou endistri enèji solè, ap etabli premye gwo izin pwodiksyon komèsyal Direct Wafer™ li epi siyifikativman devlope mendèv li nan syans ak teknoloji wo teknoloji Advanced Manufacturing Park nan Alabama, Konte Genesee. Konstriksyon etablisman manifakti a ap egzije de faz kote konpayi an pral kreye omwen 600 nouvo djòb aplentan sou senk pwochen ane yo. 1366 prevwa pou l evantyèlman kreye plis pase 1,000 nouvo djòb Upstate nan rejyon Finger Lakes New York.

“Investisman \$700 milyon sa se yon vòt konfyans fòmidad nan ekonomi Upstate e li voye mesaj ke gen opòtinite nan chak kwen nan eta sa.” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Anons jodia se yon egzanp sou fason nou konbine fòs natirèl rejyon sa a avèk vizyon nou pou devlope avni antrepriz New York epi fè Empire State vini yon vrè lidè nan devlope teknoloji enèji pwòp demen. Mwen fyè dèske map kontinye bati sou resijans ekonomik nan Upstate e mwen kontan paske m te ede 1366 kondwi wout la vè lavan.”

1366 Technologies devlope ak fabrike plakèt silisyòm wo pèfòmans, bati blòk selil solè ak eleman ki pi chè nan yon panèl solè. Teknoloji revolisyonè konpayi an Direct Wafer™ transfòme fason yo fè plakèt epi ranplase yon pwosesis manifakti initil ak chè ki date de yon deseni avèk yon etap ki elegan. Rezilta a koupe pri yon plakèt pa 50 pousan. Kòm yon ranplasman “drop-in” pou plakèt konvansyonèl yo, 1366 Technologies fè li vin pi fasil pou selil ak modil manifakti yo diminye nan depans yo san yo pa ajoute konpleksite.

“Nou pat ka pi fyè pou nou fè patenarya avèk Eta New York epi kontribye nan avni dinamik rejyon Finger Lakes,” **te deklare PDG 1366 Technologies Frank van Mierlo.** “Gouvènè Cuomo ansanm avèk administrasyon li a rekonèt opòtinite manifakti avanse ap pote nan New York ak nan Etazini. Inovasyon, tankou pa nou an, nan nwayo kwasans ekonomik ak travay. Grasa vizyon stratejik ak sipò l, nou pral pote toulède nan Upstate New York.”

1366 Technologies ap bati yon etablisman plakèt 3GW avèk yon apwòch faz metodik, kòmanse avèk yon etablisman 250MW. Pandan pwojè milti-faz la, 1366 ap investi apeprè \$700 milyon, enkli yon investisman inisyèl \$100 milyon, vini pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan istwa Konte Genesee.

Nan fason pou ankouraje 1366 Technologies pou etabli nouvo manifakti operasyon li yo nan rejyon Finger Lakes, administrasyon Gouvènè a te mete sou pye yon pake rekonpans atreyan ak konpetitif Eta New York pou jiska \$56.3 milyon e jiska 8.5 megawat idwo-elektrisite a bon mache, sa ki enkli estimasyon benefis ak ekonomi ki disponib grasa pwogram ki baze sou dwa ak pèfòmans. Ajans yo nan Eta ap bay sipò ak rekonpans enkli Empire State Development (ESD); New York Power Authority (NYPA); New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA); ak New York State Homes and Community Renewal (HCR).

Rekonpans ESD yo lye dirèkteman avèk kreyasyon omwen 600 nouvo djòb, ak pati sibvansyon nan pake a ap itilize spesyalman pou etabli enfrastrikti ak konstwi etablisman inisyèl 130,000 pye kare, sa ke 1366 Technologies pral lwe pou pwochen deseni an.

Lidè Majorite Asanble a Joseph D. Morelle te deklare: “Kòm youn nan premye priyorite devlopman ekonomik nou nan rejyon an nou te travay san pran souf pou pote STAMP Business Park de konsepsyon a reyalyte. Adisyon etablisman manifakti avanse sa ap bati sou elan nou te travay anpil pou kreye, e li se yon lòt siy sou angajman Gouvènè Cuomo pou bay rezilta reyèl pou rejyon Finger Lakes ak Upstate New York. Mwen aplodi Gouvènè a ansanm avèk tout patnè lokal nou yo pou angajman yo pou asire yon avni ekonomik ki pi briyan pou fanmi ak kominote nou yo.”

Senatè Michael H. Ranzenhoffer te deklare: "Pandan dènye setan ki sot pase yo, mwen te defann Pwojè WNY STAMP la, nan garanti \$2 milyon pou amelyorasyon enfrastrikti nan 2011 pou dirije efò pou bay yon lòt \$33 milyon ane pase. Investisman sa yo te ede nou pou nou ka rive kote nou ye jodia. Kounye a, investisman 1366 mete pwojè WNY STAMP sou kat la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Sant Devlopman Ekonomik Genesee, ansanm avèk patnè nou yo nan 1366 ki te travay san pran souf sou inisyativ enpòtan sa a."

Manm Asanble Steve Hawley te deklare: "Sa a se yon jou istorik pou devlopman ekonomik nan Lwès New York," Hawley te deklare. "Pandan plizyè ane, Lejislati a ansanm avèk Gouvènè Cuomo te investi nan ak avanse sektè teknoloji New York e jodia se yon egzantp sou siksè nou te reyalyze. Nouvo pwojè STAMP sa a gen potansyèl pou kreye plizyè milye travay ki peye byen pou gradye kolèj yo nan ak ozalantou distri mwen an epi simante rejyon Lwès New York kòm youn nan premye sant teknoloji nan tout Eta New York. Yon mare kap monte an fèt flote tout bato yo e map rete tann pou tout konte yo nan distri mwen an rekòlte benefis ekonomik pwojè sa a."

Prezidan, PDG & Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare: “1366 Technologies’ deplase nan kanpis STAMP lan pral kreye plizyè santèn nouvo djòb wo teknoloji epi kontinye favorize inovasyon ekonomi eta. Nou fyè pou nou sipòte nouvo antrepriz 1366 Technologies e nap rete tann kwasans kontinyèl enèji solè nan Finger Lakes.”

Gil C. Quiniones, Prezidan ak PDG, NYPA, te deklare: “Elektrisite a bon mache ki jenere nan izin idwo-elektrik Niagara nou an te pèmèt anpil antrepriz pou vin fè pati nan renouvo ekonomik Lwès New York. Nou espesyalman kontan dèske nap travay avèk 1366 Technologies, yon konpayi ki, tankou NYPA, envesti anpil nan enèji pwòp.”

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG NYSERDA te deklare: “1366 Technologies, ap vini nan kanpis STAMP, montre kijan strateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo a ap ankouraje devlopman ekonomik, kreye travay epi pwoteje anviwonman an. Pwojè sa ap devlope sou ekonomi enèji pwòp eta kap grandi, amelyore manifakti solè, diminye pri pano solè, ak ranfòse mache solè a.”

James S. Rubin, Komisyonè/PDG New York State Homes and Community Renewal te deklare: “HCR fyè pou l non sèlman kreye ak prezève lojman a bon mache toupatou nan eta, men pou jwe yon wòl nan revitalize ekonomi eta. Konte Genesee ka kounye a aplike pou jiska \$1 milyon nan fon Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè atravè HCR pou ede 1366 Technologies nan kreye travay, enkli sila yo kap benefisyè anplwaye yo ki gen revni fèb ak modere. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo nou anmezi pou bay 1366 Technologies avèk avni finansman adisyonèl sa pou sipòte kreyasyon travay ak amelyore opòtinite pou sous enèji renouvlab ak teknoloji.”

Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee (GCEDC) pral konsidere rekonpans lokal yo jiska \$41.7 milyon – enkli \$12 milyon pou premye faz konstriksyon an – pandan tout diferan faz yo nan delvopman an. GCEDC ak Eta New York pral kowòdone konstriksyon bilding lan akòz sibvansyon ESD te bay la.

Paul Battaglia, Prezidan Konsèy Direktè GCEDC te deklare: “Sa a se yon jou istorik pou Konte Genesee avèk anons pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan kominote nou an pa Gouvènè Cuomo. STAMP se rezilta plizyè ane kolaborasyon ant tout nivo yo nan gouvènman espesyalman ant Eta New York, Konte Genesee, Vil Alabama, ansanm avèk anpil lòt patnè yo nan sektè prive a.”

Nan septanm 2011, 1366 te resevwa egalman yon prè garanti \$150 milyon ki te soti nan Depatman Enèji Etazini (DOE) pou bati yon etablisman manifakti a nivo komèsyal.

Konstriksyon premye faz etablisman an prevwa pou l kòmanse pa pita pase Q2 nan 2016 e li prevwa pou l fini nan 2017.

Sit Manufacturing Park Syans ak Teknoloji Avanse (STAMP) fè pati nan Koridò wo teknoloji New York la e li se dezyèm pi gwo sit ki pare nan eta (1,250 kawotè) ki fèt pou atire gwo konpayi yo enkli semi-kondiktè, afich/ imaj, fotovòltayik, optik/fotonik ak

konpayi bio-manifakti. Sit la lokalize nan zòn pri fèb idwo-elektrisite New York Power Authority e li desèvi pa yon alimantasyon ki abondan, otman fyab. Lokalize jis senk kilomèt nò nan New York State Thruway sou sòti 48A, sit la gen aksè a yon popilasyon bi-rejyon 2.1 milyon moun. Sit STAMP lan te valide kòm yon pwojè priyorite rejyonal pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes e li sipòte pa biznis ak òganizasyon travay rejyonal yo, ansanm avèk kolèj ak inivèsite rejyonal yo.

Mark S. Peterson, prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise te deklare:

“Viktwa sa a reprezante kolaborasyon fòmidad ant lwès New York ak patnè devlopman ekonomik zòn Rochester yo ki te anplwaye yon apwòch milti-rejyonal pou sipòte pwojè sa atravè pwosesis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo a. Sa a kòmanse chanje dinamik ant de vil yo pou kreye yon gwo rezo metropoliten.”

Thomas A. Kucharski, Prezidan & PDG, Buffalo Niagara Enterprise te deklare:

“Mwen vle konplimante 1366 Technologies, Gouvènè Cuomo, ansanm avèk tout patnè devlopman ekonomik yo ki te jwe yon wòl enpòtan nan pote teknoloji revolisyonè sa ak pwojè ki gen yon gwo enpak enpòtan nan Konte Genesee. Sit STAMP lan ideyal pou plis ranfòse vizyon Gouvènè a de yon koridò ekonomik wo teknoloji lès-lwès, e investisman 1366 Technologies valide ke rejyon Finger Lakes ak Lwès New York posede atou ki nesèsè pou konpayi manifakti avanse, wo teknoloji yo grandi ak pwospere.”

Ko-Prezian Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes Joel Seligman Prezidan, Inivèsite Rochester, ak Danny Wegman, PDG Wegmans Food Markets, te deklare: “Pandan dènye katran ki sot pase yo, delvopman sit STAMP lan te yon pwojè priyorite pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes. Anons jodia se akimilasyon plizyè ane efò ki te fèt pa òganizasyon tnakou Greater Rochester Enterprise ak Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee ansanm avèk angajman ak vizyon ke Gouvènè Cuomo te bay ak lejislati Eta New York. Pwojè sa a reprezante premye nan sa nou kwè ki pral anpil lòt konpayi ki lokalize nan STAMP epi kreye yon koridò manifakti avanse wo-teknoloji ki travèse upstate ak sit la ki pral kondwi kwasans ekonomik enpòtan alafwa nan rejyon Finger Lakes ak Lwès New York.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418